

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Tujuan atikan difokuskeun pikeun ngahontal tujuan nu tangtu ngawéngku kana kapentingan diri siswa, masarakat, pamededih lapangan pagawéan, jeung sajabana ti éta. Prosés atikan ditujulkeun pikeun ngahontal ngaronjatna pangawéruh, kamampuh, kaparigelan, mekarna sikep jeung ajén diri siswa dina nyanghareupan pancén kahirupan dirina pribadi, boh salaku siswa boh salaku anggota masarakat. Secara umum, anggapan masarakat yén faktor gagalna atikan téh nya éta guru. Nu dijadikeun alat ukurna nya éta hasil ujian nasional, lamun ujian nasional lulus hartina hasil, tapi sabalikna, atikan dianggap kurang nyugemakeun atawa gagal. Masalah séjén nu disanghareupan, diantaranya tawuran pelajar, handapna ajén moral, handapna étika siswa. Éta kasalahan téh sakapeung mah diteumbleuhkeun ka guru.

Guru minangka pangatik profésional kudu mampuh némbongkeun citra anu hadé kalayan jadi panutan masarakat. Sabab paripolah guru bakal dititén ku masarakat naha méré picontoeun anu hadé atawa henteu tina kahirupan sapopoéna. Masarakat ogé boga anggapan yén guru kudu boga kamampuh pikeun transfer élmu ka siswa sangkan bisa ngarobah paripolah siswa kalayan guruna kudu méré conto dina sagala aspék kahirupan nu bisa méré motivasi luhur sangkan hasil diajar siswa téh nyugemakeun tur mangpaat pikeun kahirupan satuluyna. Kumaha guru ngaronjatkeun layanan, ngaronjatkeun pangawéruh, méré arahan jeung motivasi ka siswa, baju nu dipaké, omonganna, sikepna, pergaulanna, kabéh bakal jadi panitén masarakat.

Anggapan masarakat kana turunna rata-rata hasil tés boh UN boh US lamun dipatalikeun jeung kaprofésionalan guru di lapangan anu salah sahijina kawajiban guru kudu nyieun program perangkat pangajaran atawa administrasi séjénna, ditilik mah masih handap. Sabab masih aya guru anu ngajar bari jeung teu nyiapkeun administrasi atawa bahan anu rék diajarkeun ka siswana. Ieu faktor

anu ngabalukarkeun masarakat kurang sugema kana hasil atikan. Masalah anu disanghareupan guru ayeuna lamun dikaitkeun jeung tarékah ngaronjatkeun mutu atikan sakumaha harepan masarakat, nya éta guru loba kabeungbeuratan pikeun nyumponan réngsena materi dumasar kurikulum. Tapi waktu pikeun mekarkeun kamampuh dirina anu seuseut lantaran pagedug jeung pangabutuh ekonomi kulawarga, antukna loba guru anu teu bisa nuturkeun panéka jaman sarta teu bisa nyumponan pangabutuh siswa di lapangan.

Padahal bisa henteuna ngajanggélék sakabéh harepan masarakat sangkan produk lulusan sakola hususna jeung hasil atikan umumna ditarima ku masarakat kalayan ajén anu luhur, lamun guruna bisa mekarkeun profési ku cara ngayakeun inovasi dina pangajaran. Guru mangrupa pigur tuladeun pikeun siswana tina sakabéh paripolah jeung pribadina. Tapi aya sawatara guru anu pribadina papalingpang jeung profési salaku guru, ieu téh kaayaan nu nyababkeun codéka kana profési guru nu nyababkeun turunna tingkat kapercayaan ti masarakat. Dina paripolah guru diperedih leuwih profésional, ieu sikep profésional téh bisa katitén tina kalakuan jeung tekadna anu paham kana ajén dirina pikeun ngalaksanakeun sakabéh aturan nu aya, organisasi profésina, ngahargaan babaturan, siswa, masarakat, pimpinan jeung tempat gawéna.

Guru mangrupa faktor anu dominan dina nangtukeun hasil henteuna atikan. Guru ogé mangrupa salah sahiji faktor éksternal anu ngarojong jeung mangaruhan dina prosés diajar ngajar. Depdikbud (1994:4) nétélakeun yén *“komponen yang mempengaruhi proses belajar mengajar (PBM) adalah siswa, kurikulum, guru, metode, sarana prasarana dan lingkungan”*. Tina tujuh komponén éta, komponén guru anu leuwih nangtukeun, sabab guru anu bakal ngokolakeun komponén séjénna tur guru bisa ngaronjatkeun kagiatan prosés diajar-ngajar luyu jeung pameredih kurikulum.

Salah sahiji anu disangharepan dina dunya atikan kumaha numuwuhkeun kréatipitas guru dina prosés diajar ngajar sangkan hasil diajar siswana nyugemakeun. Kréatipitas di dieu hartina kamampuh guru pikeun nyiptakeun produk anyar atawa hasil modifikasi. Guru bisa nyiptakeun stratégi pangajaran

anu anyar, bisa nimukeun hal-hal anu anyar dina widang atikan kumaha carana ngaronjatkeun hasil kamampuh siswana.

Ngaronjatkeun ajén atikan salian ti ditangtukeun ku ayana kréatipitas guru ogé bakal dipangaruhan aya henteuna anggaran atikan dina APBN jeung APBD. Anggaran atikan anu diperedih ku masarakat 25% tina APBN nepi ka ayeuna can dilaksanakeun ku Pamarentah. Kitu ogé di Kabupaten Cirebon, 3% APBDna pikeun alokasi atikan, bari jeung prioritasna pikeun pangwangunan fisik sakola SD, SMP, jeung SMA. Tarékah pikeun ngaronjatkeun kualitas guru dipasrahkeun ka MGMP ngaliwatan dana mandiri tina iuran anggotana sorangan.

Guru ogé meunang panglandih nya éta pendidik profésional anu miboga pancén ngatik, ngajar, ngarahkeun, ngalatih, menteun, jeung ngaevaluasi siswa boh jalur formal boh non formal. Dina ngalaksanakeun pancénna diperedih miboga kinerja anu luhur. Ieu luyu jeung kalungguhan guru salaku tenaga profésional sakumaha dimaksud dina pasal 2 ayat (1) Undang-undang Guru Nomer 14 taun 2005 pasal 4 anu nyebutkeun yén “*Guru berfungsi untuk meningkatkan martabat dan peran guru sebagai agen pembelajaran berfungsi untuk meningkatkan mutu atikan nasional*”. Dina kamajuan jaman ayeuna guru diperedih bisa ngawasa jeung milih pendekatan, model, stratégi jeung metode pangajaran anu nangtang siswa sangkan aktif, kréatif, efektif sarta diajar anu mawa gumbira ka diri siswana. Pikeun nyanghareupan éta pancén téh guru kudu ngawasa stratégi, metode jeung tehnik pangajaran sangkan bisa nyiptakeun stimulus jeung dinamika pangajaran anu sehat kalayan bisa ngaronjatkeun mutu prosés jeung hasil diajar ka diri siswa.

Para ahli atikan boga anggapan yén prosés diajar di sakola nyoko teuing ka diri guru. Guru dibere pancén pikeun nepikeun materi pangajaran jeung siswa dibere pancén pikeun ngapalkeun éta materi anu ditarima jeung ditepikeun ku guruna. Éta teknik téh memang geus hasil ngajadikeun siswa anu ngawasa jeung apal kana materi tapi dianggap gagal lantaran dina kahirupan diri siswa can bisa ngalarapkeunna. Sabab loba teuing teori bari jeung heureut praktek antukna siswa teu bisa nanaon lamun geus ancrub ka masarakat. Padahal diajar anu alus lamun

siswa ngalaman langsung naon anu ku manehna dipikanyaho lain saukur apal cangkem tapi teu apal nu kumaha.

Dumasar katerangan di luhur, upaya ngaronjatkeun ajén atikan mutlak kudu dilaksanakeun ku cara ngaronjatkeun kaprofésian guru ngaliwatan pengembangan inovasi atikan. Profési guru kudu dibina jeung dimekarkeun deui ku hiji organisasi profési. Rochman Natawidjaja (1989) nétélakeun ciri-ciri hiji profési sakumaha ieu di handap.

1. *Ada standar kinerja yang baku dan jelas*
2. *Adanya lembaga atikan yang khusus*
3. *Adanya organisasi profési yang mewadahi*
4. *Adanya étika dan kode etik yang mengatur*
5. *Adanya sistem imbalan terhadap jasa layanannya yang adil dan baku*
6. *Adanya pengakuan dari masarakat*

Ngaronjatkeun kamampuh guru bisa dilaksanakeun ku lembaga atikan guru anu ngahasilkeun tenaga atikan (LPTK) jeung ayana organisasi anu mekarkeun profési guru, diantarana PGRI. Usaha nu séjénna dikokolakeun ku hiji organisasi anu leuwih husus jeung spesifik, nya éta Musawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP). Depdikbud (1996:2) nétélakeun prinsip-prinsip dina Musyawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP) nyaéta : 1) *prinsip musawarah*, 2) *prinsip dari guru oleh dan untuk guru*, 3) *prinsip mandiri*. MGMP dipiharep jadi organisasi profési anu ngawakilan kagiatan guru-guru pikeun ngaronjatkeun ajén atikan ngaliwatan pengembangan inovasi dina nyieun program pembelajaran, pelaksanaan jeung evaluasi pembelajaran.

MGMP Basa Sunda mangrupa wadah kagiatan guru mata pelajaran diperedih méré harepan ka masarakat jeung Pamarentah Kabupaten Cirebon sangkan bisa ngaronjatkeun kaprofésionalan guru basa Sunda tina sakabéh aspék. Harepan séjénna ngantisipasi jeung ngaréngsékeun masalah-masalah anu disanghareupan ku guru basa Sunda di lapangan, hususna pamaredih yén guru basa Sunda lian ti bisa ngajarkeun basa jeung sastra Sunda ka siswa ogé bisa numuwuhkeun kacintaan kana budaya Sunda sangkan teu lastari. Ieu hal luyu jeung Perda nomer 5 Taun 2003 ngeunaan miara basa, sastra jeung aksara daerah. Dumasar standar kompetensi jeung standar kompetensi dasar bahasa Sunda yén

ngajarkeun basa jeung sastra Sunda téh sangkan siswa bisa komunikasi, diajar hirup, ngahargaan ajén-ajén kamanusaan dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, pangajaran basa jeung sastra Sunda kudu diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh komunikasi boh lisan boh tulisan, sarta mampuh ngaapresiasi sastra.

Tugas MGMP ogé bisa ngaronjatkeun profésional guru basa Sunda luyu jeung Permendiknas Nomer 16 taun 2007 sakumaha anu diungkapkeun ku Nunuy Nurjanah.

*1) menguasai materi, struktur, konsep, dan pola pikir keilmuan mata pelajaran yang diampu, 2) menguasai standar kompetensi jeung kompetensi dasar mata pelajaran yang diampu, 3) Mengembangkan materi pembelajaran yang diampu secara kreatif, 4) mengembangkan keprofésionalan secara berkelanjutan dengan melakukan tindakan reflektif, dan 5) memanfaatkan teknologi informasi dan komunikasi untuk pengembangan diri, sehingga memperoleh perbaikan tidak sekedar pembuktian serta memperoleh hasil berupa keputusan peningkatan profésionalitas guru.*

Dumasar kana pamadegan di luhur katitén yén kacida penting peranan MGMP dina raraga ngaronjatkeun kualitas guru mata pelajaran muatan lokal basa Sunda, hususna pikeun nyaruakeun persepsi, subtansi materi, milih metode jeung nangtukeun pola evaluasi anu luyu jeung pamedih kurikulum sarta bisa ngaluyukeun jeung kondisi guru basa Sundana sorangan.

Kondisi ngajarkeun basa Sunda di Kabupaten Cirebon kacida beuratna lamun dibandingkeun jeung kabupaten atawa kota anu aya di Priangan, sabab di Kabupaten Cirebon loba siswa anu basa sapopoéna basa Jawa Cirebon, antukna ngajarkeun basa Sunda téh ibarat ngajarkeun basa asing. Jumlah sakola SMP negeri jeung swasta nu aya nya éta 140 sakola. Jumlah guru basa Sunda anu kasang tukangna atikan basa Sunda 12 urang jauh tina harepan. 128 sakola anu ngajarkeun basa Sunda guruna lain ti atikan basa Sunda. Pikeun ngungkulan kakurangan guru basa Sunda pihak sakola nugaskeun guru dumasar kasang tukang asal tempat jeung lahir eta guru, contona asal-muasalna urang Kuningan, sanajan kasang tukang atikanna Matematika ditugaskeun ngajarkeun basa Sunda. Antukna guru ngajarkeun basa Sunda téh ngan saukur ngandelkeun materi nu aya dina

buku pakét basa Sunda atawa LKS basa Sunda anu meunang manggih sakaparan-paran, bari jeung can tangtu éta buku téh luyu jeung standar anu dipiharep.

Bangbaluh séjénna nya éta sarana jeung prasarana anu ngarojong kana diajar basa Sunda. Aya sawatara guru basa Sunda ngan ngajarkeun materi dumasar buku anu dicekelna mangtaun-taun, teu bisa mekarkeun jeung nuturkeun jaman lantaran faktor umur jeung kurangna informasi. Tapi aya ogé sawatara guru anu umurna leuwih ngora boga karep neangan informasi boh tina internet boh bahan séjénna. Kurangna bahan jeung media pangajaran basa Sunda boh mangrupa VCD boh media pangajaran basa Sunda séjénna sarta langkana guru-guru milu pelatihan guru basa Sunda boh tingkat kabupaten boh tingkat propinsi mangrupa bangbaluh séjénna anu perlu meunang perhatian ti sakabéh pihak. Tina sawatara bangbaluh anu bisa katitén nya éta kumaha kamampuh guru dina nyieun rarancang pangajaran basa Sunda loba manggihan rereged tina pangaweruh guru, atawa sumber jeung bahan nu rék diajarkeunna. Sabab alus henteuna rarancang pangajaran bakal nangtukeun hasil henteuna pelaksanaan pangajaran.

Dumasar kana masalah-masalah di luhur, ieu panalungtikan dilaksanakeun kalawan museur kana pasualan “*Model supervisi klinis pengawas jeung MGMP basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kompetensi guru basa Sunda dina ngarancang pangajaran: Panalungtikan kuasi eksperimen ka guru basa Sunda anu kasang tukang atikanna lain ti atikan basa Sunda di kabupaten Cirebon taun pangajaran 2011-2012*”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah anu ditalungtik dina ieu panalungtikan téh diwatesanan kalawan dipuseurkeun kana model supervisi klinis pengawas jeung MGMP basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kompetensi guru basa Sunda dina ngarancang pangajaran. Sangkan masalah nu ditalungtik leuwih jéntré, éta watesan masalah dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Kumaha pangaruh supervisi klinis pengawas mata pelajaran basa Sunda kana undakna kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran?
- 2) Kumaha pangaruh kagiatan MGMP basa Sunda kana undakna kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran?
- 3) Kumaha pangaruh supervisi klinis pangawas mata pelajaran basa Sunda jeung kagiatan MGMP kana undakna kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidentifikasi, ngadeskripsikeun jeung ngaanalisis pangaruh supervisi klinis ku Pengawas jeung MGMP basa Sunda kana ngaronjatkeun kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran.

Tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nya éta ngadeskripsikeun:

- 1) pangaruh supervisi klinis pengawas mata pelajaran basa Sunda kana undakna kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran;
- 2) pangaruh kagiatan MGMP basa Sunda kana undakna kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran; jeung
- 3) pangaruh supervisi klinis pangawas mata pelajaran basa Sunda jeung kagiatan MGMP kana undakna kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat ieu panalungtikan bisa dititénan tina segi teoritis jeung praktis. Segi teoritis hasil ieu panalungtikan kacida mangpaatna pikeun mekarkeun élmu pangawéréh hususna pikeun ngeuyeuban bahan jeung usaha mekarkeun pangajaran basa Sunda di kabupatén Cirebon. Ogé supervisi klinis bisa dijadikeun model pikeun ngaronjatkeun kompetensi guru basa Sunda dina ngarancang pangajaran. Mangpaat séjénna pikeun mekarkeun prosés pembinaan guru basa

Sunda anu profésional hususna pikeun ngaronjatkeun kompetensi dina ngarancang pangajaran. Sisi séjén anu bisa digali tina hasil ieu panalungtikan nya éta nimukeun konsep kontekstual anu pakait jeung pembinaan guru basa Sunda sangkan bisa méré kontribusi pikeun kamajuan atikan di sakola anu bakal méré kontribusi kana mutu atikan kahareupna.

Mangpaat tina segi praktisna ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik bisa nambahan pangaweruh ngeunaan usaha atawa tarékah naon bae anu bisa disumbangkeun pikeun ngaronjatkeun pangajaran basa Sunda,
- 2) Pikeun guru-guru basa Sunda, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan jeung rujukan pikeun ngaronjatkeun profésionalisme sakumaha pamaredih di luhur kalayan MGMP bisa dijadikeun wadah pikeun ngalatih jeung ajang silaturahmi sarta sumber bahan-bahan dina ngajarkeun basa Sunda di sakola,
- 3) Pikeun MGMP bisa ngaronjatkeun usaha jeung tarékah kagiatanna anu memang aya mangpaatna pikeun guru-guru dina ngajarkeun basa Sunda di lapangan. Ogé bisa ngajadikeun organisasi profési anu bisa mekarkeun jeung ngaronjatkeun kualitas inovasi atikan di kabupaten Cirebon,
- 4) Pikeun pamarentah jeung Dinas Pendidikan Kabupaten Cirebon bisa dijadikeun bahan masukan pikeun model pembinaan guru, mekarkeun kurikulum, nyadiakeun anggaran atikan, muka jeung nyadiakeun guru-guru basa Sunda anu kasang tukang atikanna basa Sunda, méré lolongkrang guru basa Sunda pikeun milu kagiatan pelatihan atawa diklat anu pakaitna pikeun ngaronjatkeun pangajaran basa Sunda. Ogé bisa nyadiakeun buku atawa media pembelajaran basa Sunda.

### **1.5 Sistematika Laporan Panalungtikan**

Hasil ieu panalungtikan dilaporkeun minangka tésis nu ngawengku lima bab sakumaha ieu di handap.

- 1) Bab I, mangrupa bubuka nu medar kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan,



anggapan dasar, wangenan operasional, jeung sistematika laporan panalungtikan.

- 2) Bab II, mangrupa tatapakan teori nu medar perkara tiori-tiori ngeunaan supervisi klinis, kagiatan MGMP, jeung rarancang pangajaran.
- 3) Bab III, mangrupa pedaran metodologi panalungtikan nu ngawengku lokasi jeung waktu panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, populasi jeung sampel panalungtikan, prosédur ngumpulkeun data, jeung prosédur analisis data.
- 4) Bab IV, mangrupa pedaran hasil panalungtikan ngeunaan “*Model supervisi klinis pengawas jeung MGMP basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kompetensi guru basa Sunda dina ngarancang pangajaran: Panalungtikan kuasi eksperimen ka guru basa Sunda anu kasang tukang atikanna lain ti atikan basa Sunda di kabupaten Cirebon taun pangajaran 2011-2012*”.
- 5) Bab V, mangrupa bagian panutup nu medar kacindekan jeung rékomendasi hasil panalungtikan.